

Septanm 2020

Chè Fanmi Distri 20

Mwen rele Dr. Joseph O'Brien epi se yon onè ak privilèj pou mwen pou m prezante m kòm Sipèntandan kominotè paenterim nan distri 20. Kounye m ap chèche asoye avèk ou pou ankouraje patisipasyon ant biwo distri a, lekòl nou yo ak komimote fanmi enkwayab nou an.

Mwen konnen plizyè nan nou gen anksyete, sepandan direktè, asistan direktè, pwofesè ak estaf lekòl nou yo ap travay san rete pou fè jou ouvèti 16 septanm 2020 an pou elèv aprantisaj adistans yo ak 21 septanm 2020 an pou elèv aprantisaj miks yo yon jounen san danje, enpòtan ak reyisi.

M ap tann pou m travay kòtakòt avèk ou nan jou k ap vini yo epi bati nou rapò kominikasyon, pou nou ka travay ansanm pou amelyorasyon tout elèv nou yo.

Tanpri sonje, n ap kreye kominote ekite distri 20 an, ki pral reyini 30 septanm 2020 a 1 pm. Mwen envite w patisipe avèk nou pou chèche mwayen ki ka ede tout elèv tankou sa yo ki nan popilasyon minoritè a.

Si w enterese patisipe avèk nou, tanpri voye yon imèl ban m nan [jobrien17@schools.nyc.gov](mailto:jobrien17@schools.nyc.gov) avèk non w, non pitit ou a ak lekòl D20 kote li ye a nan imèl la.

Anplis, mwen envite w patisipe avèk nou nan reyinyon Komite konsiltatif paran imigran (Immigrant Parent Advisory Council ) ak reyinyon KonsèyEedikasyon pou Kominote (Community Education Council, CEC) nou an ane sa a. Koneksyon ki genyen ant kay lekòl la ak fanmi nou yo se yon eleman esansyèl epi mwen ankouraje nou chak ak tout moun pou kolabore ak pwofesè asistan direktè ak direktè D20 ki gen talan yo pou konstwi yon pi bon demen, jodi a.

Mèsi anpil epi m ap tann pou nou kontinye konvèsasyon an.

Ou ka toujou kontakte m pa imèl nan [jobrien17@schools.nyc.gov](mailto:jobrien17@schools.nyc.gov) .

Bon siksè,

Joseph O'Brien, Ed.D.  
Sipèntandan kominotè (A.I) distri 20